



## UBUBASHA BW'IMITI?

Gukoresha imiti 2  
Mifepristone/Misoprostol  
irizewe cane kandi  
ifasha gushika ku bice  
95 gushika kuri 98%  
yabayikoresha mu ndwi  
cumi na zibiri (12) za  
mbere utwaye iyo nda.



## GUKURAYO INDA YANJE, VYARAKUNZE?

N'aho umugore yumva ko ata nda agifise, ni vyiza ko yosuzumisha ko inda yavuyeyo. Yogirisha igipimo kimurika mu giterek (ecographie) inyuma yo gukurayo inda akoresheje imiti canke agakoresha igipimo co kuraba ko ko at anda afise indwi 3 canke 4 wakoroye inda.



Umugore atava amaraso, canke azama amaraso make (ari munsi ya yahora aza ari mu butinyanka kandi atabindi biyabonekamwo) canke akabona ibimenyetso vy'uwufise inda inyuma yo gufata imiti, birashoboka ko aguma afise inda. Ategerezwa kugirisha ibipimo vyo kumurika mu giterek kugira asuzumishe ko inda ibandanye canke yavuyeyo, iyo bidakunze, ashobora gusubira gufata imiti ubugira kandi.

## MU GIHE IMITI ITAKOZE



Umu gore ashobora  
gusubira gufata  
imiti Mifepristone na  
Misoprostol canke  
bagakoresha ubundi  
buhiinga « aspiration ).  
Ni gake bishika wafashe  
imiti umwana ari mu nda  
agakura nabi.



## INYUMA YO GUKORORA INDA



Inyuma yo gukorora inda, umugore ashobora kubandanya ava amaraso bukebuke mu kiringo c'indwi 1 gushika kuri 3, ariko umugore wese arisa. Ni vyiza ko umenza ko yavuyeyo neza.



Ntiagire nakimwe ucisha mu gihibma c'irondoka, canke kwoga canke kugira amabanga mpuzabitsina gushika aho kuva amaraso menshi bigabanuka, nk'imi 2 inyuma yo gukorora inda ukoresheje imiti.



**Umugore ashobora gutwara inda ubwo nyene agiheza gukorora inda!** Kugira wikingire gutwara inda ubwo nyene, ata vyifuza, n'ugukoresha uburyo bujanye no kwirinda inda utifuza (uburyo bw'irondoka rijanye n'amagara meza).



## ORGANIZATIONAL INFORMATION

Women HelpWomen

WEB: [HTTPS://WOMENHELP.ORG/](https://WOMENHELP.ORG/)

EMAIL: [INFO@WOMENHELP.ORG](mailto:INFO@WOMENHELP.ORG)


TWITTER: [@WOMENHELPORG](https://TWITTER.COM/WOMENHELPORG)

FACEBOOK: [WOMENHELPWOMENINTERNATIONAL](https://FACEBOOK.COM/WOMENHELPWOMENINTERNATIONAL)

MAMA Network: Mobilizing Activists around Medical Abortion (MAMA).

WEB: [WWW.MAMANETWORK.ORG](http://WWW.MAMANETWORK.ORG)

# UGUKORORA INDA UKORESHEJE IMITI MIFEPRIOSNE NA MISOPROSTOL (UBUHINGA BUFATANYE)





### BIKORWA GUTE?

Gukorara inda ukoresheje imiti bikorwa mu buryo busa nk'inda yikuyemwo yo nyene.



Umuti Mifepristone utangira progesterone, inkabuzo ikimeye cane kugira inda ikure neza, hanyuma ugatuma igiteroko cakira ningoga Misoprostol.



Misoprosol ituma hazza ibise, bigatuma ibifashe inda vyiyugurura, ibisigarira bakaza hakava n'amaraso.

### GUSHIKA RYARI YOKORESHWA (IYO MITI) MU GUKORORA IND A NKURIKIZI?



Mu ndwi 12 zitangura ugaharura ufatiye aho ubutinyanka bwanyuma bwabonekeye.



### NI GUTE UKORESHA IMITI MU GUKORORA IND A NKURIKIZI?



Umagore akanye ikinini kimwe ca (1) ca Mifepristone 200 mcg n'ibinini 4 vya Misoprostol vya 200 mcg kimwe kimwe.



**Mifepristone** bakimira bakoresheje ikirahuri c'amazi

Amasaha 24 aheze, shiramwo **ibinini 4 vya Misoprosol**



hagati y'amenyo yo hagati n'itama, **2 ku ruhande rwose**



**Ivyo binini 4 vyose bigumizwa mu kanwa iminota 30 gushika vyose biyonge.** Uwo mwanya uheze, umugore ashobora kumira ibisigarira.



**INKURIKIZI MBI ZISHOBOKA**

Mu masaha 24 ufashe imiti, ibimenyesto bikurikira bishobora kuboneka : gusesemwa, kudahwa, guscibwamzo, ubushhe  $38^{\circ}$ , kumeneka umutwe canke kumenga ufise amagara make., Izo nkurikizi mbi ntiziteye ubwoba, zica zihera hacie amasaha makeya.



### HASHOBORA GUSHIKA IKI UHEJEJE GUFATA MISOPROSTOL?



Ibinanya vyinshi n'ukuva amaraso menshi kurusha ubutinyanka,



Kuri 90%, inda ivayo ma masaha 6 yambere.



Uku inda yariko irakura, niko nokuva amaraso vyiyongera.



Imiti y'ububabare ishobora gufatwa cokimwe n'imiti ya mbere ya miprostol. Umuti **Ibrufène** niwo mwiza. Umuti w'umutwe nka **Paracetamol** canke Acetaminophène ushoba kuwfata nk'inyongeza.




### NIBIHE BIMENYETO VY'INGORANE ZOSHIIKA ?

Kuva amaraso menshi (udukoresho two mu butinyanka 2 canke 3 twuzuzuye kw'isaha mu masaha 2 canke 3 akurikirana).



Ubushuhe mbwinshi ( burengga  $39^{\circ}$ ), canke  $38^{\circ}$  mu masaha 24.



Ububabare bwinshi inyuma yo gufata imiti kandi ntibuhere wafashe imiti y'ububabare. Kutonya kwo mwezi kutakwini no kubaya

Gusesa ibantu biva mugihimba c'irondoka kandi bimota nabi.

### HOKORWA IKI HABAYE INGORANE?



**Nyarukira kw'ivuriro vyihuta**

Umagore akeneye kuvugwa, **umukozi wo kwa muganga ategerezwa kugufasha vyihuta.** Gufasha umugore yakoye inda akoresheje imiti nico kimwe n'uko bafasha uwo inda yikuyemwo. Biragoye gutandukanye inda yikuyemwo n'yiyuyemwo hakoresheje imiti. Umugore akenye kuvugwa ashobora kuvuga ko inda yikuyemwo.